# PAJ ENFÒMASYON

## Enstalasyon Sistèm deteksyon pou machin k ap antre nan move direksyon nan 11 ranp nan Miami-Dade County

**FIN #: 446947-1-52-01**

### REZIME

Depatman transpò nan Eta Florid (FDOT) te kòmanse bati yon nouvo Sistèm deteksyon pou machin k ap antre nan move direksyon nan 11 ranp nan Miami-Dade County. Nouvo sistèm sa a va gen pankad espesyal ki detekte chofè k ap antre nan move direksyon nan ranp ki mennen sou aywe yo epi sistèm sa a fèt pou diminye aksidan ki fèt akòz moun ki antre nan move direksyon nan ranp yo.

### TRAVAY YO PRAL FÈ

- Enstale pankad ki gen limyè (LED) ladan yo
- Enstale sistèm ki detekte prezans machin
- Amelyore liy yo pentire atè nan lari a
- Grate ranp yo epi re-asfalte yo
- Enstale siyal ki pi klè pou ede moun travèse lari a
- Amelyore separasyon ki deja nan wout ki mennen al sou ranp yo

### MEN KOTE RANP YO YE

**State Road (SR) 826/Palmetto Expressway**

- NB off-ramp to NW 36 Street
- NB off-ramp to NW 25 Street
- NB off-ramp to SW 8 Street
- NB off-ramp to West Flagler Street
- SR 826 NB/SR 836 EB off-ramp to NW 72 Avenue

**State Road (SR) 9A/I-95**

- SB off-ramp to NW 69 Street
- SB off-ramp to Opa-Locka Boulevard
- SB off-ramp to NW 81 Street
- NB off-ramp to NW 151 Street

**State Road (SR) 112/I-195 and SR 93/I-75**

- SR 112/I-195/Julia Tuttle Causeway off-ramp to Alton Road North
- SR 93/I-75 SB off-ramp to NW 138 Street/West 84 Street

### PRI PWOJÈ

- $2.7 milyon

### ORÈ PWOJÈ A

- Me 2023 — prentan 2024

***Pa bliye orè sa a kab chanje akòz move tan oswa pou lòt rezon inatandi***

### ENFÒMASYON SOU LIY TRAFIK YO PRAL FÈMEN

Se nan lè ki pa gen trafik epi nan lè ki pa gen aktivite y ap fèmen kèk nan liy trafik yo. Men lè ki pa lè trafik yo:

- 9 p.m. pou 5:30 a.m., Dimanch a jedi swa
- 11 p.m. pou 7 a.m., vandredi ak samdi swa

Y ap afiche jou y ap fèmen wout yo chak semenn sou sit wèb Biwo sikilasyon www.southflroads.com

### ENFÒMASYON SOU LÒT WOUT

Pandan pwojè sa a, sa pral nesesè pou yo fè machin pase nan lòt wout pandan kèk faz nan konstriksyon an. Tanpri suiv tout pankad ki bay kote pase nan zòn kote y ap travay sou wout la.

### KÈK BON KONSÈY

- Deplase pi bonè pou w al kote w prale a
- Suiv tout konsiy yo afiche yo ak limit vitès yo

### TOUJOU PRAN ANPIL PREKOSYON

Pou pwoteksyon ou ak pwoteksyon tout moun, tanpri pran anpil prekosyon lè w ap kondi, lè w ap mache oswa lè w ap monte bekàn nan zòn y ap travay yo.

### SI W BEZWEN PLIS RANSÈYMAN

Tanpri kontakte Espesyalis nan sansibilizasyon kominotè a Dayana Sanjurjo nan (786) 239-8862 oubyen nan imel li Dayana.Sanjurjo@dot.state.fl.us. Ou kab kontakte Manadjè Pwojè konstriksyon an Carmen Negron nan (305) 640-7429.

Tcheke sit wèb nou an: **www.southflroads.com**
Pou enfòmasyon ki ajou sou sikilasyon an, tcheke sit sa a: **www.fl511.com**

**Suiv nou: @MyFDOTMiami**

**Suiv nou: @MyFDOT_Miami**

FDOT DISTRICT SIX CONSTRUCTION

1000 NW 111 AVENUE MIAMI, FL 33172